



Disability Rights Florida te tabli nan lane 1977 kòm sistèm pwoteksyon ak pledwaman (Protection and Advocacy, P&A) ki chwazi a pou moun ki gen andikap nan eta Florida a. Sistèm P&A a egziste pou asire sekirite, byennèt, ak siskè moun ki gen andikap.



Pwogram èd pou kliyan (Client Assistance Program, CAP) ede moun k ap chèche jwenn sèvis ki disponib dapre lwa reedikasyon an. Disability Rights Florida administre CAP yon jan ki pèmèt moun andikape yo byen konprann epi egzèse dwa yo pou yo jwenn sèvis yo. CAP fè tout efò pou moun andikape fè chwa eklere pandan tout pwosesis reedikasyon pwofesyonèl ak lavi otonòm lan epi yo trete avèk diyite epi respè.



Disability Rights Florida se yon sosyete san bi likratif ki finanse pa yon varyete sous. Pou yon lis konplè founisè fon, gade nan [www.disabilityrightsflorida.org/funders](http://www.disabilityrightsflorida.org/funders). Enfòmasyon ki la pa yon reprezantasyon jidisyè e l pa konsèy nonplis.

**Disability Rights Florida**

2473 Care Drive, Suite 200  
Tallahassee, Florida 32308  
800-342-0823

TDD: 800-346-4127

[www.DisabilityRightsFlorida.org](http://www.DisabilityRightsFlorida.org)



# Pwogram èd pou kliyan (CAP)

Ede moun k ap chèche jwenn sèvis ki disponib dapre lwa reedikasyon an.



# PWOGRAM ÈD POU KLIYAN

## KOMINIKE AVÈK CAP

CAP se youn nan nèf pwogram nan Disability Rights Florida. Lè w rele n premye fwa, yon espesyalis nan admisyon pral mande w kèk enfòmasyon jeneral sou oumenm ak yon rezime kout sou pwoblèm ou gen avèk founisè sèvis reedikasyon ou an oubyen sou lavi otonòm ou an. Enfòmasyon ou yo ap soumèt pou revizyon apre.

800-342-0823 | TDD: 800-346-4127  
[www.DisabilityRightsFlorida.org](http://www.DisabilityRightsFlorida.org)

**Sèvis nou yo gratis epi konfidansyèl.**

## KIYÈS CAP SÈVI?

- Dapre lwa reedikasyon federal la, sèvis CAP yo disponib pou kliyan oubyen aplikan nan pwogram ki annapre la yo:
- Divizyon nan sèvis reedikasyon pwofesyonèl
- Divizyon nan sèvis pou moun avèg
- Pwogram reedikasyon pou lavi otonòm
- Sant pou viv yon lavi otonòm

## KILÈ POU M KOMINIKE AVÈK CAP?

- Lè pwosesis nan demann aplikasyon an retade, oubyen
- Yo refize ba w kalifikasyon epi w pa dakò avèk rezon refi a.
- Ou bezwen èd pou deplase nan pwosesis reedikasyon an.
- Ou omwen alaj 14 lane epi w bezwen èd pou yon plan tranzitwa.
- Ou bezwen èd pou w konprann dwa ak responsablite ou yo.
- Ou bezwen èd pou rezoud pwoblèm oubyen dezakò.
- Ou bezwen reprezantasyon nan pwosede apèl la, lòt evalyasyon siveyans yo, revizyon administratif, medyasyon, ak lodyans administratif.
- Ou bezwen èd teknik pou plede pou tèt ou.
- Ou vle enfòmasyon sou anplwa an vèti Tit I nan lwa pou moun Etazini Damerik ki gen andikap (Americans with Disabilities Act, ADA).

